

# Yon Gid Paran nan Seksyon Paran FAFSA

Etidyan ak paran yo dwe konekte nan aplikasyon an separeman epi ranpli pwòp pa seksyon yo. Si pitit ou a te deja ranpli seksyon li a, li pral bezwen envite w vin yon "kontribitè" sou FAFSA li a. Swiv etap sa yo pou ranpli seksyon FAFSA obligatwa w la.



## Rasanble enfòmasyon ki nesèsè yo, tankou deklarasyon taks 2023 ou (si sa aplikab)

- [Ranpli Lis Verifikasyon FAFSA uAspire a pou w aprann sou enfòmasyon w ap bezwen](#)



## [Kreye yon ID FSA si ou poko genyen youn](#)



## Verifye imel ou a pou w jwenn envitasyon an pou kontribye enfòmasyon nan FAFSA pitit ou a

- Oswa ou ka ale dirèkteman nan [studentaid.gov](https://studentaid.gov) epi konekte ak ID FSA ou a
- Verifye tablodbò "My Activity" pou envitasyon an epi chwazi "Get Started" pou kòmanse ranpli seksyon ou a



## Si w pa resevwa yon imèl oswa w pa wè envitasyon an pou w vin yon kontribitè nan tablodbò w la :

- Verifye ankò si yo pa te voye imel la nan spam oswa imel endezirab la
- Konfime nan ki adrès imèl yo te voye envitasyon an
- Mande pitit ou a tounen nan FAFSA yo epi asire w ke li te antre non w, dat nesans ou, nimewo sekirite sosyal ou (si sa aplikab), ak adrès postal ou kòrèkteman



## Bay konsantman pou IRS transfere done ou dirèkteman nan FAFSA

- **Ou DWE bay konsantman pou pitit ou a ka kalifye pou èd finansye federal.** Yo pral mande w pou bay konsantman apre w fin revize Enfòmasyon sou idantite paran an



## Reponn kesyon ki sou fòm nan

- Klike sou ikòn siy kesyon an lè w bezwen èd pou reponn yon kesyon
- Kontakte konseye uAspire pitit ou a oswa imèl [studentsupport@uaspire.org](mailto:studentsupport@uaspire.org) pou plis sipò.



## Siyen epi soumèt FAFSA a apre w fin egzamine egzatitid Paj Rezime a

- Elèv ou a ap resevwa yon imèl konfimasyon avèk pwochen etap yo.